Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 50 (9960) 22 декабрь 2023 с. / Рузман 10 джумадул ахир 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Районалъул бетIергун рагьараб кIалъаялда...

Ахириял соназ гIадатлъун лъугьун буго, пачалихъалъул президентасдаса байбихьун ва районазе нухмалъулезде гIунтIун, батIи-батIиял хъулухъазул, гIадатиял гIадамазул суалазе жавабал кьеялъе эфиралде рахъин.

Нилъ нугIзаллъун рукIана улкаялъул Президент В.В. Путиница, республикаялъул бетIер С.А. Меликовас пачалихъалъулгун Дагъистаналъул гIадамазул суалазе кIурал жавабазе.



18 декабралда гьединабго тадбир нилъер районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасги тIобитIана.

Гьеб тIобитIизе букIин цудунго лъазабун букIана, ва районалъул бетIерасе тадбир тIобитIиялъе рихьизарурал кумекчагIи: ХIажимурадил пресс-секретарь, ЕИЦалъе нухмалъулей Наталья Качалаевалъги «Чапар» газеталъул корреспондент, блогер МухIамадгIазиз ХIамидовасги гIадамаз кьураб 70 суал хIисабалдеги босун букIана.

ГIадамаз районалъул бетIерасе кьурал суалал цIияллъун рукIинчIо. Гьел хурхарал рукIана районалъул социалиябгун экономикияб рахъал лъикIлъизариялда, росабалъ лъим, ток, газ, гьоркьобкъотIи гьечIого, чIезариялда, хIажатал объектал раялда, нухал, кьоял къачIаялда ва цогидалги кIвар цIикIкIарал суалазда. Гьезул хIакъалъулъ макъалаби районалъул СМИязда цо чанго нухалъ кьунги рукIана.

ГIадамаз кьурал суалазе хехал жавабал кьей мурадалда, ХIажимурад Мусаевгун эфиралда гIахьаллъана Ильяс Шабазов, Марьям-Асият ХIамзатова ва ХIамзат ХIадаев.

Киналниги рачIарал суалазул ращдазе районалъул бетIерас чIванкъотIарал жавабал кьуна. Жавабал кьечIого хутIарал суалал, узухъда, халкквеялда росана, ва, гьезда хурхун, хадусеб къоялъго, жавабиял хIалтIухъабазе тIадкъаял кьуна.

Мисалал: Тадбиралде рачIарал суалазул цояллъун рукIана районалда шашкаби хIаялъул турнир тIобитIиялдаги, Ленинаул росдал №3 школалда электронасос хIалтIунгутIиялъул хIасилалда, канализация хIалтIулеб гьечIеблъиялдаги, гьебго росулъ яшав гьабун йигей ва янгъизго хутIарай чIужугIаданалъе гьелъул рукъалда аскIосан унеб газил рогIразул аркаялъ квекIен гьабулеб букIиналдаги ва гьеб цогидаб бакIалде босизе ккеялдаги хурхарал суалал.

Абизе ккола мисалазда рехсарал гIунгутIаби тIагIинариялда тIад хIалтIизе байбихьанин ва гьел гIагараб заманалда бетIералде рахъиналда щаклъиги гьечIин.

ГIатIидгьабун, гьеб тадбиралъул хIакъикъат лъазе бокьарал районалъул сайталде, «YouTobe», «Telegram», «VK» площадкабазде раккизе бегьула.

РакIалде ккола районалъул бетIерасда цере рахъарал гIадамазул суалазе гьес кьурал жавабаз ракIазе асар гьабичIел районцоязда гьоркьор хутIун ратизе гьечIин, щайгурелъул, гьел бетIералде рахъин нилъ тIолазего гIаммаллъун кколел рукIун. Узухъда, гIадамазул гIезегIанаб къадаралда гьоркьоб, жеги хъизабазда гьоркьобцин, ХIажимурадие кьурал суалаздаги гьесул жавабаздаги тIасан биценал ккечIого рукIинеги рес гьечIо.

Районалъул бетIер эфиралде вахъиналда тIасан жидерго пикраби загьир гьаруна бетIерасул жамгIияв кумекчи Муслим Эмечовас, ЖамгIияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаевас ва Гъозтала росдал бетIер Абакар Абакаровас.

Гьезулъ «багIараб» мухълъун рукIана районалъул бетIерасул цеве вахъин хIажатаблъун букIараблъиялда ва гьединал церерахъиназ нухмалъулезде божилъи цIикIкIинабулеб букIиналда хурхарал пик- раби. Гьезул божилъиги буго «бегIерго» цере чIарал суалал хехго бетIералде рахъи- наризе рукIиналда.

***Динара Батиева***

## Активалъул данделъиялда...

20 декабралда районалъул администрациялда тIобитIараб аппараталъул ирградулаб данделъиялда гIахьаллъана управлениябазул, отделазул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалъул гIумрудул киналниги рахъазда хъатIулел инвестициязул (объектазе гIарцул сурсатал риччай) проектал гьаб соналъ тIуразариялдаги, бачIунеб соналде гьел планалде росиялдаги, налогазул налъаби районалъулгун бакIазул администрациябазул хIалтIухъабаз рецIиялдаги, армиялде гIолилал ахIиялъул хаслихълъиялъул кампания нухда тIобитIиялдаги хурхарал суалал.

Тадбиралъул байбихьиялда И. Шабазовас гьелъул гIахьалчагIазе бицана Хасаюрт шагьаралда тIобитIараб кустовияб семинар-совещаниялда республикаялъул Северияб зонаялде гьоркьоре кколел районазул администрациябаздаги шагьаразул округаздаги гьоркьоб, тIадкъаял тIураялъулъ гIадлу-низам цIуниялъул рахъалъ, нилъер район лъикIал районазул цебесеб кьерда букIиналъул хIакъалъулъ.



Гьес данделъаразе, республикаялъул бетIер С. Меликовасул тIадкъаял заманалда тIуразариялъухъ, аппараталъе нухмалъулей Марьям- Асият ХIамзатова пачалихъияб шапакъаталъе йихьизаюн йикIиналъул бицана, гьелъие баркалаги загьир гьабуна.

ТIоцебесеб суалалда тIасан мухIканаб кIалъай гьениб гьабуна экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас.

Гьес абуна: *«Гьаб соналъул 11 моцIалда жаниб районалъул социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялъе биччараб гIарцул къадар бахуна 1 млд.905 млн. гъурщиде. Гьелдаса 160 млн. гъур. ккола жалго гIадамал бетIергьанаблъун.*

*Киналниги гIарац биччарал бакIазда гьоркьоб, бищунго цIикIкIараб къадар гIарцул биччан буго нухазул инфраструктураялъе (282 млн.гъур. тIаде),лъайкьеялъе (165 млн. гъур.), сахлъи цIуниялъе (43 млн.гъур.), туризм цебетIезабиялъе (95 млн. гъур.цIикIкIун) ва ЖКХалъе (60 млн.тIаде)»*,-ян.

Гьесул кIалъаялда хурхун, И. Шабазовас гьесда цIехана инвестициялъулал проектазда гIахьаллъулезул бакIал эхетиялъе ва цогидал тIоритIулел ишазе ихтиярал кьолел документал ругищан.

Ю. Агиевас абуна: *«БакIал раялъул хIакъикъат дихъе гьенир хIалтIулезул рахъалдасан гурони щвечIо. Инвесторал дида рихьичIо. Гьелъ, инвесторазе ихтиярал кьурал документал ругищали дида лъаларо, бакIазул бутIрузги кинаб букIаниги информация бачIинчIо»*,-ян.

Гьеб суалалда хурхун, архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул начальник ХIамзат ХIадаевас абуна, аслияб къагIидаялда, бакIал раялъе ихтиярал кьун ругилан.

КIиабилеб суалалда тIасанги кIалъай гьениб Ю. Агиевас гьабуна. Гьес таблицаялдалъун гьениб бихьизабуна тIадехун рехсарал гIуцIабазул хIалтIухъабазда тIад налогазул налъабазул кигIанаб къадар гIарцул бугебали.

И. Шабазовас гьесда абуна: *«Гьеб суал хал гьабиялде цо чанго нухалда босун букIана, амма жакъа къоялъги налъаби рецIи бетIералде бахъун гьечIо»*,-ян. ГIуцIабазе нухмалъулезда гьес лъазабуна гьаб моцIалъул ахиралде гьел рецIизе тIадаб букIин.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъаялда жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас абуна: *«Ахиралде щвана гIолилал армиялде ахIиялъул хаслихъе кампания, амма дагьалъ хутIана гьеб тIубачIого, щай абуни, гьеб жидеде кколел бакIазул бутIрузги ВУСазул хIалтIухъабазги жидеда тIадал ишал тIураларого»*,-ян.

Гьенибго Б. Нуцаловас данделъаразе бицана 22 декабралда МахIачхъалаялда хIукуматалъул политикаялде данде чIарал къуватаз жидее ихтияр кьечIеб митинг тIобитIизе хIадурулеб букIиналъул, гьенир гIахьаллъиялдаса нилъерго гIадамал цIунизе ккеялъул.

Данделъи ахиралде щвана И. Шабазовас жавабиял хIалтIухъабазе тIадкъаял кьеялдалъун.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 — ГIадамал къабул гьаруна
гъум. 3 — ГIадамазе хъулухъалда...
гъум. 4 — ТФОМС информирует...

# ГIадамал къабул гьаруна

Ахириял соназ, абизе бегьула гьеб гIадатлъун лъугьун бугинги, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас къабул гьарула росабазул жамагIатазул вакилзабиги жалго гIадатал гIадамалги.

«бегIерго» цере чIараллъун ккола. Гьел росдал социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялда, лъималазул ах, мажгит раялда, росулъ лъел мухъал рачиналда ва цогидалги росдае хIажатал



Узухъда, гьединал дандчIваяз районалъул бетIерасе рес кьола бакIазда бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъикъат лъазе, ва, тIоцебесеб иргаялда, цере чIарал кинал суалазде кIвар буссинабизе ккола баянаблъун гьабизе.

Гьаб нухалда ХIажимурад дандчIвана ИчкIа росдал жамагIаталъул вакилзабигун. Гьенир гIахьаллъана архитектураялъулгун бакIал раялъул, ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевги ИчкIа росдал бетIер Улуби Улубиевги.

ЖамагIатчагIаз цере рахъарал суалал районалъул бетIерасе цIияллъун кколаро, гьел цогидал росабаздаги ишазда хурхарал рукIана.

Лъималазул ах баялда, лъим бачиналда ва цогидал суалазда сверухъ гьабулеб хIалтIул гьениб бицен гьабуна ХI. ХIадаевас.

ХI. Мусаевасги гьениб бицана суалал бетIералде рахъинариялъе гьабулеб ва гьабизесеб хIалтIул.

Гьес абуна: *«Росдал бетIерлъун У. Улубиев вищаралдаса гьев тIадчIун вуго росдае хIажатаб гьабиялда. Нижеца рахъги ккун ва гьесул хIаракатчилъиялда, росулъ гьабуна цIияб парк, эхетана памятник ва рана лъее хIавузал»*,-ан.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

# ТIоцебесеб регионалияб конференциялда…

Нижеца «Чапар» газеталда (№48,3 гьум.), *«Поцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул отделениялъул конференциялда…»* цIаралда гъоркь, кьун букIана ТIолгороссиялъул жамгIиябгун пачалихъияб шапакъатал щвечIого, тIадруссинчIо. Гьедин букIана гьеб конференциялдаги.

Республикаялъул *«Багъа-бачариялъулъ бищун лъикIал»* премиялъул *«Бищун лъикIав насихIатчи-2023»* но-



*«Поцересезул багъа-бачари»* гIолилазул ва лъималазул нилъер районалда бугеб отделениялъул конференция тIобитIиялъул хIакъалъулъ макъала.

ТIадехун рехсараб гьеб багъа-бачариялъул регионалияб конференция тIобитIана 13 декабралда МахIачхъала шагьаралда. БакIазулгун регионалияб отделениябазул бищун тIадегIанаб органлъун кколеб гьеб конференция тIобитIана *«Россия-дир тарих»* тарихияб паркалда, узухъда, тIолабго республикаялдаса делегациялгун цадахъ, гIахьаллъана гьениб нилъер районалдаса делегацияги.

Гьеб тадбир тIобитIиялъул аслияб мурадлъун букIана 2023 соналъ рехсараб гIуцIиялъ гьабураб хIалтIул хIасилал гьари, регионалияб отделениялъул председательги ТIолгороссиялъул съездалде делегаталги рищи ва хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал кIодо гьари.

БатIи-батIиял даражабазул тадбираздаса нилъер районалъул вакилзаби, минациялъул III-абилеб даражаялъул премиялъе гьений мустахIикълъана лицеялъул педагог-организатор Эльмира ГIалимханова. Гьебго премиялъул *«Бищун лъикIав муниципалияв координатор-2023»* номинациялъул II-аб. даражаялъул премиялдалъун гьений кIодо гьаюна бакIалъул отделениялъул председатель Наида Юсуповаги.

БукIараб дандчIваялда Н. Юсуповалъ абуна: *«Нижее щварал шапакъатал цого нижер церетIеязухъ щвараллъун ккола-ро. Гьезулъ буго байбихьул отделениябазул, вожатыязул ва тарбия кьеялъул рахъалъ директорзабазул гIакълучагIазул хIалтIи.*

*РакIалде ккола щварал бергьенлъабазда нилъер районалъул командаялъ гIей гьабиларилан ва гьелъ жеги тIадегIанал бергьенлъаби росилилан.*

*Бокьун буго нижер багъа-бачариялъулъ гIахьаллъулел тIолазего ракIракIалъулаб баркала загьир гьабизе»*,-ян.

***МахIмуд Давудгаджиев***

# ХIасилал гьаруна

Цебего заманалдаса, гIуцIабаздаса байбихьун ва мухъилал гIадамазде гIунтIун, гIадатлъун лъугьун буго унеб лъагIалил хIасилал гьариги бачIунеб цIияб соналъе масъалаби цере лъейги. Дагъал цересан къояз рехсарал хIасилал гьариялда ва гIагараб заманалда цере



чIарал масъалабазда хурхараб дандельи тIобитIана балугъалъиялде рахинчIел гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъулгун гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъ.

Комиссиялъ гьабураб хIалтIул гьениб бицен гьабуна ОМВДялъул участковыял уполномоченныязул кIудияв инспектор Рустам ГIалисултановас.

Гьес кьурал баяназда рекъон, гIолилазда гьоркьоб гIадлу-низам хвезабиялъул хIужабилъун кколел руго, чIахIиял цадахъ гьечIого ва къаси заманалда, гьезул тира-свери, хасго каникулазул заманалда, гьез батIи-батIияб транспорт бачин, энергетикиял лъамалъаби гьекъей ва законалъ гьукъарал цогидалги ишазулъ гIахьаллъи.

Гьес бицаралда хурхун, гьабураб кIалъаялда комиссиялъул председатель И. И. Шабазовас абуна:

*«Нужеда лъала ЦIияб сонил байрам гIагарлъулеб букIин. Гьал къояз цIикIкIуна къвагъулел алатал (хлопушкаби, петардал, фейерверкал ва гь.ц.) хIалтIизариялъул хIужаби.*

*Гьедин гьабиялъ гIадамазул рахIат хвезабулеб буго,гьединго, лъималазда гьоркьор кколел руго цо-цо балагьал лъугьа-бахъиналги.*

*Гьелъ, полициялъул отделалъ, лъайкьеялъул гIуцIабаз ва гьеб жиделе кколел цогидаз, гьелде цIикIкIараб кIвар буссинабизе ккела»*,-ян.

Данделъиялда ккарал биценазул халги гьабун, комиссиялъул хIукму ккана ОМВДялдагун лъайкьеялъул управлениялда тIадкъазе гIолилаз хIал-зулму, жидерго чорхое зарал гьабиялъул, законалде данде кколарел ишазде гьоркьоре гьел ккеялъул хIужаби рукIунгутIиялъе профилактикаялъулал тадбирал тIоритIи гучлъизабизе, гьелъие, бакIаздеги щун, гьениб бугеб ахIвал-хIал цебего лъазабизе.

Данделъиялъул ахиралда жидеда тIадал ишал, кколеб къагIидаялда, тIурачIел умумузда тIад административияб гIадлу-низам хвезабиялъул делаби гьариялъул бицана.

***МуртазгIали МухIамадов, комиссиялъул жавабияв секретарь***

# Суратал рахъиялъул конкурсалда…

Дагъал цересан къояз, ЦТКНРалъул, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIаракататалдалъун ва *«Дир Россия-терроризм гьечIого»* цIаралда гъоркь, районалъул цIалдохъабазда гьоркьоб кверalъ суратал рахъиялъул конкурс тIобитIана.

Россиялъул Конституциялъул Къоялда ва терроризмалъулгун экст-



ремизмалъул идеолгиябазде дандечIеялда хурхинабун тIобитIараб гьеб конкурс гIуцIун букIана *«(Россиялъул пачалихъиял гIаламатал ва терроризмалде дандекъеркьеялъул профилактикаялъулал хIалтIаби», «РФялъул Конституциялъе-30 сон»)* номинациябаздасан.

Абизе ккола конкурсалда гIахьаллъарал цIалдохъабаз суратал рахъиялъе гIезегIан лъикIаб махщел букIин бихьизабунин. Конкурсалъул тIоцебесеб номинациялда бергьенлъи босана Муъминат Дадаевалъ(Гуни), кIиабилеб - Мавлидат Аминовалъ (ИчкIа) ва лъабабилеб-Хадижат Эльмирзаевалъ(лицей).

КIиабилеб номинациялда цIалдохъабаз бахъизе кколаан баркиялъул открытка. Гьениб тIоцебесеб бакIалде ячIана Сакинат Давудова (Гертма), кIиабилеб бакI босана Мадина Садуевалъ (Гуни) ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана ХIапсат ГIузайриева (лицей).

Призалъулал бакIазе мустахIикълъарал цIалдохъаби гьенир кIодо гьаруна, районалъул администрациялъул ва ЦТКНРалъул рахъалдасан, грамотабаздалъун, гIарцулал шапакъатаздалъун ва сайгъатаздалъун.

***Назим ЛахIитов, Дилим росу***

*Инсан ва гIумру*

# ГIадамазе хъулухъалда...

Жиб-жиб заманалъул рукIуна лъикIалги квешалги рахъал. Биценал ккаралъур гIадамаз гьаб замангун дандекквеялъе СССРалъул заман бачуна. КIалзул махщел бугез доб заман нилъер ракьалда Алжанлъун букIаралъунги ккезабула, амма…

Узухъда, доб заманалъул рукIана гIезегIанал лъикIал рахъал, амма гIадамаз, гьанжесеб заманалдаго гIадин, какулел рахъалги камун рукIинчIо. Гьел рехсейги дандкквеял гьариги дир мурадлъун кколаро, амма доб заманалъул гIунгутIилъун кколел гьадинал хIужаби рехсечIогоги рес гьечIо.



Парац кодоб бугониги, дол соназ хIажатаб къайи-цIа, ретIел-хьит ва цогидаб щолароан. ЧIахIияб гIелалда гьеб цIакъ лъикI лъала, бихьараб, ялъуни багьараб ретIелгун хьитал къачIалаан, гьезда рукъаби ралаан, гьелъ халатаб заманалъ гьел хIалтIизаризе рес кьолаан, ва гьеб гIадаблъун рикIкIунароан.Гьедин букIинабиялъе киса-кирего хасал бакIалги рукIунаан. Нилъер районалда гьел ва цогидал хIажатал алатал къачIалелги хIадурулелги мастерскаял « КБО» гIуцIиялда гьоркьор рукIана. Гьай-гьай, гьаб заманалдаги гьединал бакIал руго, амма гьезде хIажалъи кколел гIемер гьечIо, гьеб лъикIги батила. Рехсараб ахIвал-хIал букIиналъ гIадамаз буголъиялъул цIакъ къимат гьабулаан, гьанже гIадин ва чадидаса байбихьун, гьеб исрап гьабулароан.

Цоги, гьедин ракIалде кколарел рукIунел ратиларо, гьитIинаб заманалда дида кколаан кин гIадамазда батIи-батIияб къайи- цIа, ракетазде гIунтIун, гьабизе бажарулебан. Гьединал пишаби инсанасулъ Аллагьасго лъолел рукIиналъул пикругидица гьабуларoан. Гемерал соназдасан дида гьеб бичIчIана. Гьедин букIинчIебани, жамгIияталъул кинаб букIаниги цебетIейги букIинароан.

Гемер бицуна жидер чорхолъ лъураб махщел цебетIезабиялда тIад хIалтIарал махщалилал борхалъуде рахунеблъиялъул хIакъалъулъ, гьедин букIиналъе гIемерал мисалал рачинеги бегьула.

Дир мурад буго жидеЛъ Аллагьасго махщел лъурал эмен ва вас Касимпашалги Муслимилги хIакъикъат районцоязухъе щвезаби.

Районалъул чIахIияб гIелалда лъикI лъалев ватила араб гIасруялъул 60-80 абилел соназ Дилим росдал №1 гьоркьохъеб школалда географиялъул дарсал кьолев вукIарав Касимпаша Будайханов.

25 соналъ мугIалимлъиги гьабун, хIалхьиялде арав Касимпаша, тIатIала кверал лъун, узухъда, чIечIо. Гьес байбихьана жиндие бокьулеб ишлъун букIараб гIадамазул хьитал къачIаялде. Заманалдасан махщел цIубана, гьес жинцаго хьитал рукъизе байбихьана. Дунгоги гьесухъе чанго нухалда ккана. Касимпаша, гIумрудул соназухъ балагьичIого ва васасда цадахъ, хIалтIулев вуго.

Гьевгун хIалтIулев вас Муслим гьавуна 1973 соналъ Дилим росулъ. 1991 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав гьев армиялде ахIана. 1993 соналъ гIагараб росулъе тIадвуссарав гьев культураялъул отделалде музыкантлъун хIалтIизе лъугьана.

Кинаб хIалтIи гьабизе кканиги, Муслим ракIалъ инсул махщалиде цIалев вукIана. 2003 соналдаса байбихьун, эменгун цадахъ, Муслим хьитал къачIазе лъугьана.

БукIараб дандчIвалда (гьесул мастерская лицеялда аскIоб буго) Муслимица бицана: *«ГьитIинаб заманалда дица инсуца хьитал къачIалеб, цIиял хьитал рукъулел къагIидабазул халги гьесие хIажатаб кумекги гьабулаан, ва, инсуего гIадин, дие гьеб пиша бокьулаан, Аллагьасго лъун букIун батила гьеб дир чорхолъ. Дир махщалил буго цоги лъикIаб рахъалги. Дир пиша ккола цого-цо дида бараблъун. ХIалтIул цебе ин цогидазда бараб бугони, гьеб ахиралде щола яги щоларо. Дица хIаракат бахъула къураб рагIи кквезе. Гьедин гьабулеб гьечIони, гIадамазул нилъедехунисеб божилъи хола, ва гьел нилъехъе цоги рачIунаро.*

*ТIаде босараб иш гьабизе ккола ракIбацIцIад, бажаризабун ва заманалда. Цого гьел рахъаз кьола инсанасе кколеб кьимат.*

*Росуцоял гурелги, районалъул росабалъа гIадамалги рачIуна хьитал къачIазе. РукIуна, нухда щиб букIаниги ккун, хехго хьитал къачIазе хIажалъаралги. Гьединазеги дица хехаб кумек гьабизе хIаракат бахъула.*

*Цо-цо устарзабазул гIадат буго гьабураб хIалтIулъ цIикIкIараб гIарац босулеб. Гьединги бегьуларо. Дица гIиси-бикъинаб хIалтIулъ гIарац босуларо. ЛъикIал, кири щолел ишал гьаризе кколарищ? Къокъ гьабун абуни, тIаде босараб иш гIадамал разияб къагIидаялда гьаби буго дир мурад»*,-ан.

Муслимие гьарулел ишазулъ даимаб битIккейги гьарун, дун тIадвуссана.

***Ибрагьим Идрисов***

# «Арбабаш» ансамблялъе-иргадулаб шапакъат

Районцоязда гьоркьов цониги чи ватиларо нилъер *«Арбабаш»* халкъияб ансамблялъул хIакъалъулъ рагIинчIев яги гьелъул цецерахъинал рихьичIев. Аслияб къагIидаялда, гьелъул гIахьалчагIаз ахIулел кучIдул рукIуна нилъер умумузул хьвада-чIвадиялда, гIумруялда, гьезул бахIарчилъиялда ва тIабигIаталъул берцинлъиялда хурхараллъун.

Гьанже пачалихъалъе, республикаялъе, районалъе нухмалъулезги гьединал рахъазде кIвар буссинабун буго, щай абуни, гIолеб гIел куцаялъе гьел кьучIалъун кколел рукIун.

2007 соналъ гIуцIараб *«Арбабаш»* гIахьаллъичIеб тадбир районалда къанагIатги букIунарин абуни, мекъи ккеларо. ГIахьаллъула гьеб район тун къватIирехун тIоритIулел тадбираздаги. Цо нухалъ гуреб гьеб батIи-батIияб къецазул лауреатлъунги бахъараб.

Гьелъие нугIлъи гьабула дагьал церегIан къояз МахIачхъалаялда тIоритIарал *«Дагъистаналъул рухI»* конкурсалъул *«Халкъияб кечI»* номинациялда гьелъие гIарцулаб шапакъат щвеялъги.

***Зумрут МухIамадова, ЦТКНРалъул директор***

*Ниж- терроризмалде данде*

# Жидецаго рахъарал кучIдузул конкурс

Байрамазда, лъугьа-бахъиназда ва цогидалги гIумрудул рахъазда хурхун, нилъер районалъул гIуцIабазда тIоритIула батIи-батIиял тадбирал. Хасго гьеб рахъалъул цебесеб кьерда лъайкьеялъул гIуцIаби рукIуна. Гьеб бичIчIинеги захIматаблъун кколаро, щай абуни, гIолеб гIел лъай бугеблъун, тарбия щвараблъун, жамгIияталъул гIумрудулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеблъун букIин нилъер киназулго мурадлъун букIине кколелъул. Гьедин гьечIони, нилъер букIиниселда хIинкъи бугеблъи бичIчIунарел ратилинги дида кколаро.



ТIадехун рехсараб тасдикъ гьабулеблъун букIанин абизе бегьула, гьал къояз *«Ниж-терроризмалде данде»* цIаралда гьоркь ва цIалдохъабазда гьоркьоб , тIобитIараб жидецаго рахъарал кучIдузул конкурс.

Цогояб информациялъул централъгун лъайкьеялъул управлениялъ гIуцIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул росабазул школаздаса 8 -11 классазул цIалдохъаби.

ЦIалдохъабаз гьенир цере рахъана жамгIияталъул кIвар терроризмалде дандчIеялде руссинарулел жидерго кучIдузул видеороликал.

Жюриялъ хал гьабун хадуб, баянлъана тIоцебесеб бакIалъе Гуни росдал гимназиялъул цIалдохъан Аюб НургIалиев мустахIикълъараблъи, кIиабилеб бакIал Калининаулалъул ва Ленинаулалъул №1 школазул цIалдохъаби: Аминат Пумаровалъ ва Абулайс Салибиевас гьоркьоб бикьараблъи, лъабабилеб бакIалде Буртунаялдаса МухIамадяргагьи ХIайбулаевги, Дилим росдал гимназиялдаса Муслимат Атабаеваги, ИчкIаялдаса Асият Аминоваги рачIараблъи.

Призалъулал бакIал росарал гьенир грамотабаздалъунги гIарцулал шапакъатаздалъунги кIодо гьаруна.

***Сайгибат Гереханова,РУОялъул начальникасул заместитель***

# Лицеялъе-Баркалаялъул кагъат

Гьанже интернет нилъер гIумруялъулъе гьваридго лъугьун буго. Гадатияв инсанасул яги хъулухъчиясул букIа, тIолабго гIумруялъул баянал нилъеда интерне-талъул батIи-батIиял гьиназда ратула. ХIукуматалъги пачалихъиял хъулухъазул иш рагьараблъун гьабизе, гIадамазе гIумруялъул суалал рича-чваялъе бигьалъиялъе *«В Контакте»*, *«Одноклассники»* гIадал Россиялъул социалиял гьинал, чара гьечIого, хIалтIизаризе рихьизарун руго. Гьенир рагьун руго рекъарал гьурмалги. Гьелда бан, гьаб соналъул 1 декабралда хасаб законги бахъун буго.

Социалиял гьинал хIалтIизариялде лъай кьеялъул идарабазги кIудияб кIвар буссинабун буго. Республикаялъул лъайкьеялъул министерстволъ рехсарал интернет гьинал, тIалабазда рекъон, хIалтIизариялъул *«Дагъистан республикаялъул лъай кьеялъул идарабазул бищунго лъикIаб пачалихъияб паблик (интернеталъул гьиназда гьумер)»* къец тIобитIана.

Гьениб пачалихъияб гьин ракIбацIцIадго, жавабчилъиялда ва тIалабазда данде кколеб къагIидаялда гIуцIиялъе ва хIалтIизабиялъе гIоло, лицеялъул директор Асият Маликовалъе Баркалаялъул кагъат кьуна.

***Динара Батиева***

# Баркала, тохтур!

Лъала, СССРалъул заманалда гIадин, лъай бугел, тIаде босараб иш ракIбацIцIад гьабулел, жавабчилъи цIикIкIарал махщелчагIи гьаб заманалда гIемер гьечIеллъи, гьединалгун нилъ щибаб къойил дандги чIвала.

Гьедин букIиналъе нугIлъи гьабулел мисалал гIемер рачинеги бегьула, амма…

Дир инсуе кинго хIалхьи кьолеб букIинчIо лъел тIагIаталъул унтиялъ. Кинаб букIаниги унти чорхолъе лъугьараб заманалда нилъер гIадат буго, лъикIал ругониги, нилъерго тохтурзабазухъеги инчIого, къватIиса тохтурзабазухъе унеб. Гьедин ккана нижгоги. Инсул халги гьабун, тохтурас гьесие операция гьабизе кколилан абуна. Ниж гьелда разилъана, ва инсуе операция гьабуна. Амма гьелда хадусан щибниги хиса-баси гьесул унтиялъе ккечIо. Ахирги, щиб гьабилебги лъаларого, дун нилъер ЦРБялда хирурглъун хIалтIулев Юнус Адачовасухъе ана. Дица кинабго ккараб бицун хадуб, Юнусица абуна: *«Байхан, кинабго бичIчIана. Дица гьесие дараби хъвала, амма, кьури гьечIого, гьел инсуе гьаризе ккола. Гьез гьесие кумек гьабичIого рес гьечIо»*,-ян.

Дица гьес абухъе гьабуна ва инсуе гIезегIанаб бигьалъи ккана, тIубанго сахлъичIониги, унти нахъе кьана. Байбихьиялдаго Юнусихъе ун рукIаралани, ккелароан ниж гIемер рекерахъдизеги букIинароан нижее бутIрузул унтиги.

*«Чапар»* газета гьоркьобккун, бокьун буго Ю. Адачовасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Гьаризе гьесие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рохел, хъизаналъулаб талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ даимаб битIккей.

***Байхан Байханов, Дилим росу***

Приложение к постановлению
территориальной избирательной
комиссии Казбековского района
от 15.12.2023 г.

## Сообщение территориальной избирательной комиссии Казбековского района

Руководствуясь пунктами 11, 12 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее-Порядок), территориальная избирательная комиссия Казбековского района сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резервы составов участковых избирательных комиссий (далее – УИК), сформированных на территории Казбековского района

Приём предложений осуществляется в период с 06 по 26 января 2024 года соответствующими территориальными избирательными комиссиями (далее - ТИК):

| № п/п | Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|---|
| | 0525-0554 | Республика Дагестан, Казбековский район, село Дылым, ул. Имама Шамиля №5, здание сельхозуправления. |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года № 152 /1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети *«Интернет»*.

Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий не устанавливается.

В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона *«Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации"*.

***Территориальная избирательная комиссия Казбековского района***

## ТФОМС информирует…

Хасавюртовский филиал территориального фонда обязательного медицинского страхования информирует граждан в ситуациях, когда Вы сталкиваетесь с долгим ожиданием приема к врачу, записи на исследование или диагностику, важно помнить о том, что существуют предельные сроки ожидания медицинской помощи по полису ОМС:

-при состоянии здоровья, требующем оказания экстренной медицинской помощи, осмотр пациента и лечебные мероприятия осуществляются незамедлительно;

-сроки оказания первичной медико-санитарной помощи в неотложной форме не должны превышать 2 часов с момента обращения пациента в медицинскую организацию;

-сроки проведения консультаций врачей-специалистов (за исключением подозрения на онкологическое заболевание) не должны превышать 14 рабочих дней со дня обращения пациента в медицинскую организацию;

-сроки проведения консультаций врачей-специалистов в случае подозрения на онкологическое заболевание не должны превышать 3 рабочих дня;

-сроки проведения диагностических инструментальных (рентгенографические исследования, включая маммографию, функциональная диагностика, ультразвуковые исследования) и лабораторных исследований при оказании первичной медикосанитарной помощи не должны превышать 14 рабочих дней со дня назначения исследований (за исключением исследований при подозрении на онкологическое заболевание);

-сроки проведения компьютерной томографии (включая однофотонную эмиссионную компьютерную томографию), магнитнорезонансной томографии и ангиографии при оказании первичной медикосанитарной помощи (за исключением исследований при подозрении на онкологическое заболевание) не должны превышать 14 рабочих дней со дня назначения;

-сроки проведения диагностических инструментальных и лабораторных исследований в случае подозрения на онкологические заболевания не должны превышать 7 рабочих дней со дня назначения исследований;

-срок установления диспансерного наблюдения врача-онколога за пациентом с выявленным онкологическим заболеванием не должен превышать 3 рабочих дня с момента постановки диагноза онкологического заболевания;

-сроки ожидания оказания специализированной (за исключением высокотехнологичной) медицинской помощи, в том числе для лиц, находящихся в стационарных организациях социального обслуживания, не должны превышать 14 рабочих дней со дня выдачи лечащим врачом направления на госпитализацию, а для пациентов с онкологическими заболеваниями - 7 рабочих дней с момента гистологической верификации опухоли или с момента установления предварительного диагноза заболевания (состояния);

-ожидание бригады скорой медицинской помощи при необходимости оказания медпомощи в экстренной форме не должно превышать 20 минут с момента вызова.

***г.Хасавюрт.Телефон: 89882279873***

## Надзорно-профилактическая операция «Новый год - 2023»

Новогодние и Рождественские праздники - это не только время каникул и отдыха, но и период повышенного риска возникновения пожаров. В преддверии новогодних мероприятий отделом надзорной деятельности и профилактической работы № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД проводится надзорно-профилактическая операция под условным наименованием «Новый год», в рамках которой будут осуществлены выездные обследования зданий и помещений, где планируется проведение праздничных новогодних мероприятий с массовым пребыванием людей, а также рейды в местах реализации пиротехнических изделий.

Основными задачами является проверка соблюдений правил пожарной безопасности, состояния эвакуационных путей и выходов, первичных средств пожаротушения, исправность систем автоматической пожарной сигнализации и других мероприятий, связанных с безопасным проведением данных мероприятий.

С руководителям объектов, где непосредственно будут проходиться новогодние мероприятия проводится подробный инструктаж о мерах пожарной безопасности. Первоочередной задачей любого руководителя, ответственного за проведение массового мероприятия должна быть тщательная профилактическая работа и обеспечение безопасности людей, в частности - детей.

Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам обращается к гражданам с призывом соблюдения правил пожарной безопасности в период проведения новогодних мероприятий.

Уважаемые граждане! Вы должны сделать все, чтобы праздники и каникулы не были омрачены трагедией.

При установке новогодней елки:

- устанавливайте ёлку на устойчивом основании и так, чтобы ветви не касались стен, потолка и находились на безопасном расстоянии от электроприборов, печей, каминов и других теплогенерирующих устройств;
- не зажигайте на ёлке свечи, бенгальские огни, а также самодельные электрические гирлянды;
- для украшения елки необходимо использовать только исправные электрические гирлянды заводского изготовления с сертификатами соответствия. Перед тем, как повесить на елку гирлянду, нужно обязательно ее проверить;
- ставить ель лучше всего в месте, которое не будет мешать свободному движению;
- лучше отказаться от гирлянд, если домашние животные грызут их или лазят по дереву;

При использовании пиротехники:

- покупайте пиротехнические изделия отечественного производства, спрашивайте у продавца наличие сертификата;
- запрещено пользоваться пиротехническими средствами в помещениях, а на улице их применять при обязательном соблюдении правил безопасности и инструкции, прилагаемой к изделию;
- не разрешайте детям самостоятельно приобретать петарды и бенгальские огни. Пользоваться ими возможно только под вашим чутким присмотром. Последствия халатного обращения с огнем, баловство детей с петардами, салютами, фейерверкам часто приводит к травмам и пожарам.

Выполняйте эти простые правила пожарной безопасности и строго контролируйте поведение детей в дни зимних каникул!

Если Вы почувствовали запах дыма, гари, заметили пожар, немедленно сообщите в пожарную охрану по телефону *«01»*, с мобильного *«101»* или *«112»*.

Безопасного Нового года!

***Н.К. Насрудинов, заместитель начальника ОНД и ПР № 10 по г.Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам***

## Объявления

Дистанционная оплата газа в *«Личном кабинете»*, а также в приложениях *«Мой Газ»* и *«Газ Онлайн»* завоевывает новых сторонников. Уже каждый четвертый потребитель газа в Республике Дагестан перешёл на удобное дистанционное управление своим лицевым счётом в *«Личном кабинете»*.

В ноябре текущего года к сервису присоединились 3 225 новых абонентов. Всего на сегодняшний в Дагестане день *«Личным кабинетом»* пользуются 124 663 потребителя газа.

В *«Личном кабинете»* абоненты могут передать показания счетчика газа, подключить дополнительные лицевые счета (оплачивать за две и более квартир, за дом в селе и т.д.), проверить задолженность, ежемесячные начисления. Дистанционный сервис усовершенствуется, приложения просты в использовании, преимущества – оперативность и доступность.

Потребители газа имеют возможность круглосуточного внесения оплаты за газ не посещая офисы абонентских служб и кассы. Для многих новых зарегистрированных пользователей *«Личного кабинета»* важным преимуществом стала оплата за потребленный газ без комиссии.

Справка:

Сервис доступен в формате мобильного приложения *"Газ Онлайн"*, который можно скачать в App Store, или приложение *"Мой Газ"* в Google Play. По ссылке https://мойгаз.смородина.онлайн, также доступна версия *«Личного кабинета»* для пользователей компьютеров.

Утерянный аттестат Б №1468206 о полном среднем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №1 в 2004 году на имя Зубайриева Нисирби Зубайриевича, считать недействительным.

**БетIерав редактор:**
И.Б. Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева
ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 сональул 15 апрелалда**
Типографияльул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакцияльул компьютеральул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакцияльул адрес:
РД, Казбек район,
Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**